# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**2021-жыл "Жасларды қоллап-қуўатлаў ҳәм халықтың саламатлығын беккемлеў жылы"на бағышлап спорттың аўыр атлетика түри бойынша 2005-жылда туўылған ҳәм оннан киши жастағы жас өспиримлер арасында Өзбекстан "Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими бириншилигин өткериў ҳаққында"**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-июньдағы «Дене тәрбия ҳәм ғалабалық спортты жәнеде раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПК-3031-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў ҳәмде жәмийетимизде саламат турмыс тәризин қәлиплестириў, жас әўладты дене тәрбия ғалабалық спорт пенен турақлы шуғылланыўлары ушын кеңирек тартыў мақсетинде ҳәм Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жылғы жыллық ис режесин басшылыққа алып

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жылғы жыллық ис режесин басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов)на:

- улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары арысында спорттың аўыр атлетика түри бойынша Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң биринщилиги спорт жарыслары, усы жылдың 1-2-февраль күнлери Тақыятас районы Политехника колледжи (*аўыр атлетика спорт залында*) жоқары дәрежеде шөлкемлескенлик пенен өткериў;
- жарыста жеңимпаз болған спортшыларды сыйлықлаў мақсетинде I, II, III дәрежели диплом ҳәмде қымбат баҳалы саўғалар менен тәмийинлеў;
- жарысқа барлық район (қала)лардан спортшыларды толық қатнастырыў;
- жарыстың өткерилиў барысын ғалаба хабар қураллары арқалы кең жәмийетшиликке жарытыў ўазыйпалары тапсырылсын.

3. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

- жарысқа қатнасыўшы спортшыларды бир түрдеги спорт кийимлери менен тәмийинлеў ҳәм жарысқа спортшы оқыўшыларды өз ўақтында толық қатнастырыў;
- жарысқа барып қайтыўда ҳәм жарыс даўамында спортшы-оқыўшылардың денсаўлығын, қәўипсизлигин ҳәм жәмәәтлик тәртипти сақлаўды тәмийинлеў бойынша тийисли илажлар көриў;
- жарысқа қатнасыўшы спортшылардың жол кирейи ҳәм аўқатланыўлары ушын жумсалатуғын барлық сапар қәрежетлери менен өз ўақтында тәмийинлеп бериў ўазыйпасы тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыўды өзимде қалдыраман.

**Тийкары:** Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жыл жыллық ис режеси.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «26» Январь
№ 24